# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि एनडीए एक भारत श्रेष्ठ भारत चाहे ला जबकि इंडी गठबंधन देस के बंटले में भरोसा रक्खे ला। उहां के कहलीं कि भाजपा अउर रालोद गठबंधन क सरकार में किसानन, नौजवानन अउर ब्यौपारियन के सथहीं सज्जो वर्ग के हित में कार कइल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री आजु मुजफ्फरनगर के मीरापुर विधानसभा सीटि बदे आयोजित चुनावी जनसभा के सम्बोधित करत रहलें। श्री योगी कहलें कि प्रदेस में भाजपा सरकार बनले के बाद अपराध अउर अपराधी दुन्नों गायब हो गइल हवें, जेकरे नाते सुसासन स्थापित भइल। येही क्रम में मुख्यमंत्री मुरादाबाद के कुंदरकी विधानसभा क्षेत्र में एगो जनसभा के सम्बोधित कइलें। ओइजा उहां के कहलीं कि सरकार जल्दिये अढ़ाई लाख सरकारी नोकरी ले के आ रहलि हौ। एहसे रोजिगार क मौका मिली अउर प्रदेस क विकास होई।

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु कानपुर नगर में पांच दिवसीय रूटक्रॉफ्ट परदरसनी क उद्घाटन कइलिनि। हस्त उत्पाद अउर महिला ससक्तीकरण के बढ़ावा देवे बदे आयोजित परदरसनी क उद्घाटन कइले के बाद संवाददाता लोगिन से बतियावत राज्यपाल कहलिनि कि आजु बड़हन संख्या में गांव अउर सहर क महिला हस्त उत्पाद बना के आपन आजीविका चला रहलि हइनि। उहां के अउरियो महिला लोगिनो के येह प्रक्रिया से जोड़े बदे प्रोत्साहित कइलिनि।

**********

केन्द्रीय ऊर्जा आवासन अउर सहरी मामिलन क मंत्री मनोहर लाल खट्टर आजु वर्चुअल जरिया से लखनऊ में सामान्य पूल आवासीय परिसर आकांक्षा क उद्घाटन कइलें। ई परिसर लखनऊ के जानकीपुरम इलामा में हौ। चंडीगढ़ से कार्यक्रम के वर्चुअल सम्बोधित करत श्री मनोहर लाल कहलें कि आवासन क निरमाण इग्यारह दसमलव आठ पांच एकड़ में भइल हौ। उहां के बतवलीं कि परिसर के बनावे बदे तैंतीस दसमलव पांच करोड़ रूपिया क धनरासि मंजूर कइल गइल रहे। परिसर में कई गो श्रेणी में एक सौ पनरह आवास बनावल गइल हौ।

**********

महिला लोगिन के आरथिक ससक्तीकरण के उद्देस्य से बिहने से लखनऊ में इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में आकांक्षा हाट क आयोजन कइल जा रहल हौ। एकर उद्घाटन मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ करिहें। आकांक्षा समिति क अध्यक्ष डॉक्टर रश्मि सिंह बतवलिनि कि येह आयोजन क लक्ष्य राज्य के महिला उद्यमियन अउर स्वयं सहायता समूहन के ओरि से तइयार कइल गइल उत्पादन के परदरसित करे बदे मंच दीहल हौ।

**********

सूर्योपासना क महापरब छठ आजु उग्गत भगवान सुरूज के अरघा दिहले के सथहीं पूरा हो गइल। बरत करे वाले सरधालु अरघा दिहले के बाद लोगिन में परसादी बंटलें अउर आपन बरत पूरा कइलें। छठ परब के ले के पूरा प्रदेस में खास तौर से पूरबी उत्तर प्रदेस में लोगिन में ढेरे उछाह देखे के मिलल। आजु तड़के ढेरि संख्या में सरधालु नदियन, सरोवरन अउर छठ परब बदे बनावल गइल अस्थाई पोखरा के किनारे उग्गत भगवान सुरूज के अरघा देवे बदे पहुंचि गइलें अउर जइसहीं सुरूज क लालिमा बिखरल, लोगि जल चढ़ा के आपन छठ पूजा पूरा कइलें।

**********

भारतीय रेलवे की ओरि से छठ पूजा के देखत इग्यारह नवम्बर ले रोजाना एक सौ पैंसठ बिसेस रेलगाड़ी चलावल जा रहल हौ। एहमें जियादेतर रेलगाड़ी पूर्वोत्तर रेलवे के रूट से चले के हौ, जबकि चौंतीस गाड़ी उत्तर मध्य रेलवे मण्डल से गुजरी। येही क्रम में पूर्वोत्तर रेलवे उत्तर प्रदेस से कई गो बिसेस रेलगाड़ी चला रहल हौ। पूर्वोत्तर रेलवे की ओरि से गोरखपुर से अहमदाबाद, बांद्रा टर्मिनस, सियालदह, छत्रपति शिवाजी महाराज टर्मिनस, लोकमान्य तिलक टर्मिनस, पुणे, नारंगी, चंडीगढ़, जोधपुर खातिर चलावल जाई। ओहीं, गाजीपुर सिटी से उधना बदे बिसेस गाड़ी चलावल जाई अउर आनंद विहार टर्मिनल से मऊ खातिर बिसेस गोड़ी चलावल जाई।

**********

राष्ट्रीय पुस्तक न्यास–एनबीटी बिहने से सतरह नवम्बर ले लखनऊ के गोमती रिवरफ्रंट पार्क में गोमती बुक फेस्टिवल क आयोजन करे जा रहल हौ। एकर उद्घाटन मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ करिहें। एनबीटी क निदेसक युवराज मलिक बतवलें कि येह मेला में पढ़ाई करे वालन के नया–नया किताबि खरिदले क मौका मिली। एकरे अलावा चिल्ड्रन फिल्म फेस्टिवल क आयोजनों कइल जाई।

**********

धार्मिक पर्यटन के बढ़ावा देवे बदे अजोध्या में आवे वाले सरधालुअन के भगवान श्रीरम के चउदह बरिस के बनबास क संघर्स गाथा थ्री डी वीडियो क्लिप के जरिया से देखावल जा रहल हौ। नौ मिनट के येह संघर्स गाथा के देखावे बदे हनुमानगढ़ी के लग्गे राजद्वार पार्क में दुर्लभ दर्सन केन्द्र क स्थापना कइल गइल हौ। एकर जनकारी देत ओहां क मण्डलायुक्त बतवलें कि रामलला क दरसन खातिर अजोध्या आवे वाले सरधालुअन के भगवान श्रीराम के जिनगी से जुड़ल गाथा से जोड़ले क कोसिस सुरू कइल गइल हौ।

**********